

Pwogram jounen ak ane lekòl pwolonje pou debitan

Pwogram 3-K ak pre-K jounen/ane lekòl pwolonje EarlyLearn ofri bon kalite gadri ak edikasyon debitan pou timoun ki nan laj 6 semèn pou rive katran. Pwogram sa yo fonksyone pandan tout ane a, jiska 10 èdtan pa jou epi yo ofri yon anviwonman aprantisaj ki san danje pou timoun yo aprann, jwe, ak bati kapasite ki fè yo pare pou klas kindergarten ak apre.

Pou jwenn aksè ak sèvis gratis oswa bon mache sa yo, Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (NYC Department of Education, DOE) itilize finansman ki soti nan Federal Child Care Block Grant (Child Care), ki mande pou fanmi yo satisfè kondisyon kalifikasyon sa yo:

- **Residans:**
 - Fanmi w dwe abite nan Vil Nouyòk, sofsi yo mete timoun lan nan fwaye akèy (foster care) ki pa nan Vil Nouyòk.
 - Timoun ki pral resevwa swen nan pwogram jounen/ane lekòl pwolonje a dwe se sitwayen oswa gen estati imigran legal.
 - Akoz kondisyon finansman federal sa a, ou dwe bay prèv estati sitwayènte oswa imigran legal pitit ou a pou vin elijib.
 - Se **sèlman** dokiman pou timoun ki bezwen Gadri a yo bezwen; yo pa pral mande w pou estati sitwayènte oswa estati okenn moun nan kay la, pa menm estati pa w.
 - *Fanmi yo pa bezwen revele estati imigran oswa sitwayènte pou timoun ale nan okenn lòt pwogram 3-K, pre-K, Head Start oswa Early Head Start. Si fanmi w pa kapab satisfè egzijans dokiman jounen/ane lekòl pwolonje yo site pi wo a, DOE pral ede w eksplòre tout pwogram altènatif disponib k ap satisfè bezwen fanmi w.*
- **Regleman sou Revni ak Rezon pou Gadri (Income Guidelines and Reason for Care):**
 - Revni fanmi w dwe tonbe anba yon sèten kantite (gade paj 3) **epi** w dwe gen youn nan rezon apwouve pou gadri sa yo:
 - Ou travay anviwon 20 èdtan oswa plis pa semèn
 - Ou nan yon pwogram edikasyon oswa nan yon pwogram trening pwofesyonèl
 - Ou nan yon pwogram kolèj 4 ane, w ap travay yon minimòm 17.5 èdtan pa semèn
 - Ou kòmanse chèche travay oswa ap chèche travay pandan jiska 6 mwa, sa a gen ladan chèche travay pandan w ap resevwa lajan paske w pa travay
 - W ap resevwa sèvis akòz vyolans domestik
 - W ap viv nan lojman tanporè

Pou kay ki gen de paran, chak paran dwe gen yon rezon pou gadri.

Pwogram jounen ak ane lekòl pwolonje pou debitan

Rekòmandasyon espesyal

Gen kèk egzanj kote yon ajans Vil la, ki pa DOE, detèmine yon elijiblite fanmi pou asistans gadri:

- Fanmi k ap aplike oswa resevwa **èd sou fòm lajan cash** dwe aplike pou Gadri atravè Sant Anplwa Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration, HRA).
- Fanmi ki gen yon dosye Byennèt timoun (Child Welfare) ki aktif, **Prevansyon**, ak/oswa **Pwoteksyon** dwe kontakte responsab dosye yo pou fè yon rekòmandasyon pou gadri ki gen sibvansyon.
- Paran **foster** k ap travay, dwe kontakte responsab dosye yo pou fè yon rekòmandasyon pou swen gadri ki gen sibvansyon.

Kòman pou aplike: Si w enterese pou aplike pou sèvis jounen/ane pwolonje, ou ka chèche èd avèk aplikasyon w lan nan kontakte yon Sant Byenveni pou Fanmi atravè imèl nan earlylearn@schools.nyc.gov oswa lè w rele 311. Fanmi dwe voye ni [Aplikasyon pou èd pou gadri timoun \(Application for Child Care Assistance\)](#) ansanm avèk dokiman yo souliye nan 4 lis pi ba yo. Tout fòm elijiblite yo disponib nan sitwèb DOE nan bit.ly/childcareeligibility.

Lis 1	Lis 2	Lis 3	Lis 4
<p>Kopi youn nan bagay sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> IDNYC <input type="checkbox"/> Bòdwo itilite <input type="checkbox"/> Lèt prim Seksyon 8 <input type="checkbox"/> Lisans chofè <input type="checkbox"/> Resi lwaye <input type="checkbox"/> Sètifika NYCHA <input type="checkbox"/> Lòt plan 	<p>Kopi youn nan bagay sa yo pou timoun ki bezwen swen an:</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Batistè ameriken <input type="checkbox"/> Kat rezidans ladan Rezidan pèmanan oswa Kat vèt (GreenCard) <input type="checkbox"/> Paspò ameriken <input type="checkbox"/> Fòm FS-240 (Rapò akouchman yon sitwayen U.S. andeyò Etazini) <input type="checkbox"/> Sètifika natiralizasyon <input type="checkbox"/> Lòt plan 	<p>Youn nan bagay sa yo pou chak timoun ki gen laj ki pi ba pase 18 tan nan kay lan:</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Batistè <input type="checkbox"/> Dosye adopsyon <input type="checkbox"/> Dosye batèm <input type="checkbox"/> Lòd tribinal pou responsab legal ki gen responsablite finansye <input type="checkbox"/> Paspò avèk siyati paran 	<p>Youn nan bagay sa yo, si li anplwaye:</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> CFWB-015 - Rekòmandasyon bay Anplwayè pou Enfòmasyon sou Revni Anplwaye <input type="checkbox"/> Ant 2 ak 12 souch chèk dapre frekans ak diferans nan revni ant chèk pèman
<p>Si aplikab, ou ka voye tou yon Verifikasyon Fòmasyon Edikasyon Vokasyonèl nan, Yon Kesyonè sou lojman oswa Fòm atestasyon sou travay ak tèt ou (Self Employment Attestation Form).</p>			

Pwogram jounen ak ane lekòl pwolonje pou debitan

Nòm Revni Leta (State Income Standard)

200% nan Tablo Estanda Revni Povrete (Poverty Income Standards Chart)

1ye jen 2021 - 31 me 2022

Kantite moun ki nan fanmi an	Revni mansyèl	Revni anyèl
1	2 147\$	25 760\$
2	2 904\$	34 840\$
3	3 660\$	43 920\$
4	4 416\$	53 000\$
5	5 173\$	62 080\$
6	5 930\$	71 160\$
7	6 686\$	80 240\$
8	7 444\$	89 320\$

Pou fanmil ki gen plis pase 8 manm, ajoute \$757 chak mwa oswa \$9,080 chak ane pou chak manm fanmi anplis.

Si w pa elijib oswa ap chèche lòt sèvis pou timoun debitan

Gen yon plas nan Pre-K for All nan Vil Nouyòk gratis pou timoun ki gen katran, ak yon pwogram 3-K for All gratis pou timoun twazan k ap ogmante nan anpil kominote. Pwogram sa yo fonksyone pandan tout dire jounen ak ane lekòl DOE. Si w pa kalifye pou sèvis jounen /ane lekòl pwolonje oswa ou gen dout sou kondisyon elijiblite yo, DOE ka ede w jwenn lòt opsyon pwogram. Pou plis enfòmasyon ale sou nyc.gov/prek ak nyc.gov/3k oswa rele 311.